

## BAB I

### PURWAKA

Panliten ing bab siji iki bakal ngandharake lelandhesane panliten, wewatesane panliten, underane panliten, tujuwane panliten, paedahé panliten, lan panjlentrehe tetembungan. Lelandhesane panliten mujudake sub bab kang bisa dadi wadhad anggone panliti milih topik kang dijilentrehake, dene anane underane panliten mujudake bab-bab kang bakal dijilentrehake dening panliti.

Tujuwane panliten ngandharake wangulan-wangulan kang trep tumrap pitakonan-pitakonan panliten kasebut, dene paedahé panliten digunakake kanggo nggoleki kahanan lan konsekuensi tumrap kahanan tartamtu sajrone panliten. Wewatesane panliten nduweni guna supaya panliten kang ditindakake bisa kapunjer marang bab kang bakal dijilentrehake. Panjlentrehe tetembungan diajab supaya ora kliru anggone ngertení tetembungan kang digunakake ing panliten iki.

#### 1.1 Lelandhesane Panliten

Saben wong wadon nduweni kepenginan kanggo nindakake apa kang dadi kepenginane nanging kadhang kala ana wae perkara kang ndadekake wong wadon ora bebas nindakake apa kang dadi kepenginane. Babagan kasebut amarga anane pamawas yen wong wadon ora luwih kuwat tinimbang wong lanang saengga ndadekake wong wadon ora bisa bebas kaya wong lanang. Anane pangrembakan jaman ndadekake anane owah-owahan kanggo nuntut kabebasan kanggo para wong wadon. Salah sawijine gerakan kanggo nuntut kabebasan para wong wadon yaiku gerakan feminis utawa feminismé.

Feminisme iku dhewe nduweni tujuwan kanggo nyeimbangake *gender*. *Gender* kang dimaksud yaiku *gender*

antarane wong lanang lan wong wadon, saengga bisa ditegesi yen feminism yaiku gerakan kaum wanita kanggo nolak sakabehane wujud diasorake dening kabudayan kang wis ana sajrone bidhang politik, ekonomi, lan sajrone panguripan (Ratna, 2013:84). Miturut Hari (sajrone Darni, 2013:2), anane dheskriminasi tumrap wong wadon lan anane pandhangan kang asor tumrap wong wadon ndadekake wong wadon nuntut anane pepadhan hak ing bidhang ekonomi, hukum, sosial, lan budaya. Faktor utama kang njalari anane gerakan feminism yaiku saka akehe pawongan kang ngremehake wong wadon saengga wong wadon dadi kaum kang ora bebas, wong wadon minangka objek kang ora bisa nduweni pamikiran dhewe. Babagan kasebut wis dadi crita kang ana sajrone panguripane masyarakat yen wong wadon iku swarga nunut neraka katut. Tegese yen bojone nduweni panguripan kang kepenak, wong wadon minangka sisihane uga bakal ngrasakake urip kang kepenak. Yen wong lanang uripe ora kepenak, wong wadon kang dadi sisihane uga bakal nandang kesedhihan.

Topik ngenani kabebasan tumrap wong wadon pancing topik kang paling narik kawigaten pamaca amarga topik iki bisa menehi piwulang supaya pamaca bisa ngerten yen kabebasan lan pepadhan hak iku wigati banget tumrap sapa wae utamane wong wadon kang dadi kaum kasisih utawa kaum *marginal*. Topik ngenani kabebasan wong wadon ana sajrone novel kanthi irah-irahan *Para Pawestri Pejuwang* anggitane Suparto Brata. Novel iki nyritakake para wong wadon kang dadi paraga utama bisa nglawan tindhak dheskriminasi nalika Indonesia lagi gegege gegere krisis ekonomi.

Suparto Brata minangka salah sawiji sastrawan Jawa kang misuwur amarga asil reriptan sastrane ora mung awujud sastra Jawa nanging uga sastra Indonesia. Karya sastrane Suparto Brata kang ngandhut unsur feminism yaiku *Kremil, Gadis Tangsi*,

*Asmarani, Astirin Mbalela*, lan uga kalebu *Para Pawestri Pejuwang*. Saliyane novel-novel ing ndhuwur iku, Suparto Brata uga ngripta novel kanthi irah-irahan *Kaum Republik* kang dipacak ing Panjebar semangat taun 1959, novel *Tanpa Tlacak, Katreunan kang Angker*, lsp.

Topik ngenani kabebasan tumrap wong wadon uga dicritakake sajrone novel *Cerita Cinta Enrico* anggitane Ayu Utami. Karya Ayu Utami luwih wani ngandharake perspektif feminism lumantar crita ngenani kabebasan seks kang ditindakake dening wong wadon. Ayu Utami diarani sastrawan kang wani nglawan kahanan-kahanan kang dianggep tabu lan kahanan kang dianggep tabu kasebut wis dadi kahanan kang dianggep biyasa sajrone panguripane masyarakat kanthi anane konvensi budaya kang dadi panyengkuyunge. Akeh kang ngarani yen asil reriptan karya sastrane luwih ngandharake panguripane paraga wanita lumantar seks lan agama, mula ana kang ngarani yen dheweke minangka tokoh feminism (Wiyatmi, 2012:110). Novel reriptane Ayu Utami wis akeh banget, limang novele kang kawentar yaiku *Saman, Larung, Si Parasit Lajang, Bilangan Fu*, lan *Manjali dan Cakrabirawa*, sarta ora liya *Cerita Cinta Enrico* (Utami, 2012:243-244). *Cerita Cinta Enrico* iku dhewe nyritakake wong wadon minangka wong wadon kang maju pamikiran uga kang modheren tampilane ora kaya wanita liyane ing jaman semana.

Ana bab-bab kang narik kawigaten saka rong novel kasebut yaiku anane perangan-perangan kang padha lan perangan-perangan kang beda sajrone rong novel kasebut. Pepadhane yaiku nyritakake wanita kang ora gelem dadi kaum kang didheskriminasi tumrap wong lanang, saliyane kuwi novel iki padha-padha ngandharake kepriye lelakone paraga wanita sajrone panguripan. Rong novel kasebut nduwensi latar belakang kang padha yaiku disambungake karo kedadeyan wigati ing

jaman mbiyen lan saiki dadi sejarahe Indonesia. Bab kang njalari beda kang kapisan yaiku pangripta kaloro novel kasebut kang beda. Novel kanthi irah-irahan *Para Pawestri Pejuwang* (sabanjure dicekak PPP) iki dianggit dening Suparto Brata lan novel *Cinta Enrico* (sabanjure dicekakak CCE) dianggit dening Ayu Utami. Basa novel kang diripta dening Suparto Brata yaiku nggunakake basa Jawa, dene novele Ayu Utami nggunakake basa Indonesia.

Dhasar pamikiran sajrone panliten sastra kang nduweni perspektif feminismé yaiku upaya kanggo ngertení kalungguhan lan *peran* wanita sajrone karya sastra. Kalungguhan lan *peran* para paraga wanita sajrone karya sastra kudu dingertení kanggo ngonceki perkara ngenani ketimpangan *gender* sajrone karya satra (Suharto, 2013:15). Mula saka iku, panliten iki bakal ngrembug ngenani kalunguhane paraga wanita sajrone rong novel kasebut. Novel Jawa lan Indonesia iki bakal dikaji isine nggunakake sastra bandhingan kanthi ndeleng bab-bab kang bisa dibedakake lan uga dipadhanake.

Istilah sastra bandhingan terjemahan saka basa Inggris, *comparative literature*, utawa saka basa Perancis, *la litterature comparee*. Miturut sejarahe, sastra bandhingan minangka ilmu kang nduweni rong aliran. Aliran kapisan yaiku aliran Perancis kang diarani *aliran lama*, diarani kaya mangkono amarga sastra bandhingan lair ing negara Perancis lan dipelopori dening para pamikir Perancis. Aliran kapindho diarani aliran Amerika uga diarani *aliran baru*. Tegese sastra bandhingan yaiku ilmu sastra kang nyinaoni ngenani karya sastra kang nduweni asal negara beda, kabudayan kang beda lan nduweni basa kang beda. Ora mung iku, sastra bandhingan uga bisa mbandhingake karya sastra kang negarane padha nanging basa lan pangriptane beda (Hutomo, 1993:3).

Endraswara (2011:129) ngandharake yen panliten sastra kanthi nggunakake kajian sastra bandhingan bakal bisa ndeleng sesambungan antara karya sastra siji lan karya sastra liya kang dibandhingake. Sastra bandhingan ing kene bakal ngonceki bab kang padha lan bab kang beda sajrone crita. Pepadhane yaiku bab crita kang diandharake. Novel PPP lan CCE padha-padha ngandharake kepriye panguripan paraga wanitane kang nduweni semangat feminism. Salah sawiji tuladha sajrone novel PPP kaya ing ngisor iki.

“Allah, Ibuk! Saben-saben ngono! Saben-saben ngono! Dupeh cah wedok ngene ora oleh, ngene ora oleh. Sapa, ta, sing crita arep demonstrasi?” Wis nggenah sing crita ora jangkep, duwe versi liya, ora kaya ancase Nghesthiratu. (PPP, 2013:20)

Nghesthiratu minangka wong wadon kang isih enom lan ora gelem diwatesi kebebasane dening sapa wae. Dheweke kepingin dadi wanita kang mandhiri lan ora dikekang. Nghesthiratu ora kepengin amarga dheweke wadon kabebasan anggone nindakake apa wae kang dipengini diwatesi. Kutipan ing ndhuwur cetha yen novel PPP ngandhut babagan feminism lan nduweni *setting* nalika Indonesia lagi geger-gegere dhemonstrasi amarga krisis moneter. Ing ngisor iki uga bakal diandharake salah sawiji tuladha kutipan sajrone novel CCE kang ngandharake yen novel CCE nyritakake semangat feminism paraga wanitane.

*Ditempat tugasnya di Semarang, Ayah jatuh cinta pada seorang perempuan yang berambut pendek, memakai rok selutut, dan bersepatu pantovel yang baginya adalah perwujudan modernitas dan keterpelajaran.* (CCE, 2012:106)

Nalika isih rumaja utawa prawan, Syrnie Masmirah minangka wujud gegambaran modherenitas lan *keterpelajaran*. Dheweke beda banget karo wanita liyane ing jaman kasebut. Kutipan kasebut uga ngandharake yen CCE uga nyritakake paraga wanitane kang nggambarkerake gerakan feminismé.

Pepadhan liyane yaiku nduweni latar belakang kang padha yaiku disambungake karo kedadeyan penting ing jaman mbiyen kang saiki dadi sejarahe Indonesia. Saliyane pepadhan, kang njalari crita novel loro iki cocog banget ditintingi nggunakake kajian sastra bandhingan yaiku sipate kang *kontradiktif*. Kontradiktif ing kene kang bakal narik kawigatene kajian sastra bandhingan, awit keloro novel iki kapisan ngunakake basa kang beda, kapindhone yaiku bakal dijlentrehake kepriye bedane crita kanthi ngonjokake paraga wanita kang critane diserat dening pangripta priya lan ngonjokake paraga priya tanpa ngasorake paraga wanita kang critane diserat dening pangripta wanita. Kaloro novel kasebut uga narik kawigaten panliti amarga babagan kang diandharake ngenani kahanan wong wadon ing jaman reformasi. ing jaman saiki ora akeh pangripta kang ngripta karya sastra nggunakake *setting* ing jaman reformasi, saengga saka *setting* lan perkara kang diangkat dening pangripta, kaloro novel iki narik kawigaten panliti.

## 1.2 Wewatesane Panliten

Wewatesan panliten nduweni piguna supaya objek panliten ing kene bisa fokus lan panjlentrehe ora teka ngendi-endi ngluwihi apa kang dadi underane panliten. Wewatesane panliten iki winates ngandharake ngenani kalungguhane paraga wanita sajrone novel PPP anggitane Suparto Brata lan novel CCE anggitane Ayu Utami kanthi nggunakake kajian sastra bandhingan.

### **1.3 Underane Panliten**

Sacara umum kang dadi underane panliten iki yaiku mbandhingake motif-motif kang ana sajrone novel PPP lan CCE. Adhedhasar lelandhesan panliten, mula underane kaya ing ngisor iki:

- (1) Kepriye *peran* lan kalungguhane paraga wanita sajrone novel PPP lan CCE?
- (2) Kepriye pangaribawane paraga wanita tumrap pawongan kang ana ing sakupenge sajrone novel PPP lan CEE?
- (3) Kepriye asile bandhingan sajrone novel PPP lan CCE?

### **1.4 Tujuwane Panliten**

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, mula panliten iki nduweni tujuwan:

- (1) Ngandharake *peran* lan kalungguhane paraga wanita sajrone PPP lan CCE.
- (2) Ngandharake pangaribawane paraga wanita tumrap pawongan kang ana ing sakupenge sajrone novel PPP lan CCE.
- (3) Ngandharake asile bandhingan sajrone novel PPP lan CCE.

### **1.5 Paedahe Panliten**

Panliten iki dikarepake bisa migunani tumrap ilmu kasusastran, mligine ing kasusastran Jawa modheren. Mula saka iku, paedahne panliten iki yaiku:

- (1) Tumrap Panliti

Panliten iki bisa nambahi pengalaman lan kawruh ngenani kalungguhane paraga wanita sajrone karya sastra karya anak bangsa. Panliten iki uga dikarepake bisa menehi sumbangsan tumrap panliten sastra kanthi tintingan sastra bandhingan.

- (2) Tumrap Pasinaanon Sastra

Panliten iki minangka dalan ngrembakake kawruh, mligine pasinaonan sastra bandhingan, lan wujud ngleluri pangrembakane sastra lan budaya Jawa. Panliten iki uga bisa digunakake kanggo sarana bahan pamulangan kang ana ing sekolah-sekolah.

### (3) Pamaca

Panliten iki bisa dadi referensi lan motivasi tumrap panliti sastra liyane, mligine babagan sastra bandhingan. Panliten iki uga diajab kanggo ngrembakake kasusatran Jawa.

## 1.6 Panjlentrehe Tetembungan

Panliten iki nggunakake panjlentrehe tetembungan supaya panliti lan pamaca ora salah tampa anggone ngertenin apa kang dirembug sajrone panliten iki. Panjlentrehe tetembungan digunakake supaya ora uwal saka konsep panliten, mula panjlentrehe tetembungan ing panliten iki, yaiku:

*Feminisme:* Gerakan kaum wanita kanggo nolak sakabehane wujud diasorake dening kabudayan kang wis ana sajrone bidhang politik, ekonomi, lan sajrone panguripan (Ratna, 2013:84).

*Gender:* Mosse (sajrone Darni, 2013:25) ngandharake yen *gender* yaiku piranti kanggo moles lakon kasebut kayata kapribadhen, pangupa jiwa, seksualitas, lsp.

*Peran:* *sudut pandang* sajrone sosiologi lan psikologi sosial kang ngandharake yen tumindak manungsa ditumindakake dening kategori-kategori sosial (kayata ibu, guru, polisi). *Peran* lan kalungguhan ora bisa dipisahake. (<https://id.m.wikipedia.org>)

*Kalungguhan:* status kang diduwéni saben pawongan sajrone klompok sosial (organisasi-komunitas).

Kalungguhan ora bisa dipisahake karo *peran*, dene *peran* uga ora bisa dipisahake karo kalungguhane. Kalorone nduweni gegayutan (<https://id.m.wikipedia.org>)